**दिन—बुधवार** **दिनांक—16.04.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

———————————————————————————————————

बिहार विधानसभा चुनाव के लऽकऽ राज्य मे राजनीतिक गतिविधि तेज भऽ गेल अछि। बिहार भाजपाक वरिष्ठ नेता लोकनि आइ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के आवास पर जा कऽ हुनका सँ भेट कयलनि। भाजपाक बिहार प्रभारी भिखुभाई दलसानिया, प्रदेश अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायसवाल, उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, केन्द्रीय गृह राज्यमंत्री नित्यानंद राय आ राज्य सरकारक मंत्री नितीन नवीन सहित कतेको वरिष्ठ नेता एकाएक मुख्यमंत्री सँ भेंट करबाक लेल पहुंचलाह। बैसक मे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के बिहार दौरा के लऽकऽ चर्चा हेबाक संवाद अछि। ओना एकाएक भेल एहि बैसक के लऽकऽ कतेको प्रकारक अटकल सेहो लगाओल जा रहल अछि। विदित अछि जे काल्हि मुख्यमंत्री नीतीश कुमार स्वयं जदयूक वरिष्ठ नेता आ अपन कैबिनेट सहयोगी विजय कुमार चौधरी के आवास पर जा कऽ बंद कमरा मे वार्ता कयने छलाह।

———————————————————

बिहार विधानसभा चुनाव के लऽकऽ राष्ट्रीय जनता दल आ कांग्रेसक नेतृत्ववला महागठबंधन दल सभक एक महत्वपूर्ण बैसक काल्हि पटना मे आयोजित होयत। महागठबंधन मे एखन कांग्रेस आ राष्ट्रीय जनता दल के अलावे मुकेश सहनी के नेतृत्ववला विकासशील इंसान पार्टी वीआईपी आ वाम दल—सीपीआई माले, सीपीएम आ सीपीआई सम्मिलित अछि। बैसक सँ पहिने एजेंडा आ आन किछु मुद्दा के लऽकऽ राष्ट्रीय जनता दलक नेता तेजस्वी प्रसाद यादव काल्हि कांग्रेसक राष्ट्रीय अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे सँ नव दिल्ली मे भेट कयलनि। काल्हि भेल बैसक के लऽकऽ कांग्रेसक प्रदेश प्रभारी कृष्णा अल्लावरू आशा व्यक्त कयलनि जे पटना मे होबऽवला बैसक मे सीट सभ पर समझौता आ संभावित उम्मीदवार सहित कतेको मुद्दा पर चर्चा होयत।

———————————————————

निर्वाचन आयोग बिहार विधानसभा चुनावक तैयारी शुरू कऽ देलेक अछि। एहि क्रम मे नव दिल्ली मे आई सँ राज्यक बूथ स्तरीय एजेंट सभक लेल दू दिवसीय प्रशिक्षण कार्यक्रम शुरू कयल गेल। एहि कार्यक्रम मे प्रदेशक दस विभिन्न राजनीतिक दल सभक लगभग दू सय अस्सी बूथ स्तरीय एजेंट भाग लऽ रहल छथि।

———————————————————————————

सवोच्च न्यायालय वक्फ कानून पर एखन रोक लगेबा सँ इनकार कऽ देलक अछि। प्रधान न्यायधीश संजीव खन्ना के अध्यक्षतावला तीन सदस्यीय पीठ कानूनक विरूद्ध दायर विभिन्न याचिका सभक सुनवाई करैत केन्द्र सरकार सँ एहि मामिला पर जबाव मांगलक अछि। मामिलाक अगिला सुनवाई काल्हि सेहो जारी रहत। सुप्रीम कार्ट वक्फ कानूनक विरोध मे देशभरि मे भऽ रहल हिंसा पर चिंता जतौलक अछि। विदित अछि जे ऑल इंडिया पर्सनल लॉ बोर्डक अगुवाई मे देशभरि मे मुसलमान एगारह अप्रील सँ विरोध प्रदेर्शन कऽ रहल अछि।

———————————————————————————

विशेष निगरानी इकाई के टीम आइ सुपौल के निलंबित अंचलाधिकारी प्रिंसराज आ हुनक पत्नी अरियरी प्रखंडक अंचलाधिकारी अंकु गुप्ता के मधुबनी आ शेखपुरा स्थित विभिन्न ठेकाना सभ पर छापामारी कयलक। निगरानी के टीम मधुबनी जिलाक हरलाखी प्रखंडक अंतर्गत झिटकी गाम मे दंपत्ति के आवास पर छापामारी कयलक। हमर शेखपुरा संवाददाता जनौलनि अछि जे विशेष टीम अंकु गुप्ता के हिरासत मे लऽ लेलक अछि।

———————————————————————————

नेशनल हेराल्ड केस मे कांग्रेसक वरिष्ठ नेता राहुल गांधी आ सोनिया गांधी के विरूद्ध चार्जशीट दाखिल कयल जयबाक विरोध मे कांग्रेसक नेता लोकनि आइ पटना मे विरोध प्रदर्शन कयलनि। प्रदर्शकारी लोकनि ईडी कार्यालय के घेराव सेहो कयलनि। प्रदर्शन मे पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष राजेश राम, बिहार प्रभारी कृष्णा अल्लावरू, विधानमंडल दलक नेता डॉक्टर शकील अहमद खान सहित पार्टीक कतेको नेता आ कार्यकर्ता सम्मिलित भेलाह।

---

काल वैशाखी के प्रभाव आ राज्यक उत्तरी भाग सँ एक ट्रफ रेखा गुजरबाक कारण प्रदेशक बेसीतर भाग मे अंधर, वर्षा आ ठनका के परिस्थिति बनल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे बीस अप्रील धरि राज्य मे बेसी ठाम अंधर–पानि, मेघगर्जन आ ठनका खसबाक आशंका अछि। विभाग आइ गया, नवादा, औरंगाबाद सहित राज्यक दक्षिणी भाग सभ मे कतेको ठाम अंधर, वर्षा आ ठनका के लऽकऽ येलो अलर्ट जारी कयलक अछि।

---

उप मुख्यमंत्री सह कृषि मंत्री विजय कुमार सिन्हा आइ सीतामढी जिलाक डुमरा प्रखंड स्थित मुरादपुर मे राजकीय बीज प्रसंस्करण केन्द्र आ पाँच सय मीट्रिक टन क्षमतावला गोदामक उद्घाटन कयलनि। उप मुख्यमंत्री कहलनि जे ई डेग जिलाक किसान लोकनि के आत्मनिर्भर बनाओत आ कृषि क्षेत्र मे नव ऊर्जाक संचार करत। एहि दरमियान क्षेत्र के किसान लोकनिक मध्य खेरही आ उड़ीदक बीज के वितरण कयल गेल।

---

पूर्व रेलवे के मालदा डिवीजन मे अमृत भारत योजनाक अंतर्गत विकास काजक पहिल चरणक काज लगभग पूरा भऽ गेल अछि। डीआरएम मनीष कुमार गुप्ता आइ मुंगेर जिलाक जमालपुर स्टेशन पर विकास काज के अवलोकन कयलनि। ओ कहलनि जे काज अंतिम चरण मे अछि आ एहि मासक अंत धरि पहिल चरणक काज पूरा भऽ जायत। डीआरएम अधिकारी लोकनि के अमृत भारत योजनाक अंतर्गत चलि रहल विकास काज मे गुणवत्ता बनौने राखबाक आवश्यक निर्देश देलनि।

---

समाप्त भेल।